



Haitian Creole Edition
Grade 7 Mathematics Test, Book 2
May 5–7, 2010

**Pwogram Egzamen Eta Nouyòk
Egzamen Matematik
Liv 2**

Ane **7**

5–7 me 2010
Non _____



Developed and published by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703.
Copyright © 2010 by the New York State Education Department. All rights reserved. No part of this publication may be reproduced or distributed in any form or
by any means, or stored in a database or retrieval system, without the prior written permission of the New York State Education Department.

TRIK POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijesyon pou ede ou bay pi bon rannman:

- Asire ou li avèk atansyon tout enstriksyon ki nan tiliv egzamen an.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou repons lan anvan ou ekri repons ou.
- Asire ou montre travay ou lè yo mande ou pou fè sa. Ou ka resevwa yon pati nan kredi a si ou montre travay ou.
- Sèvi ak kalkilatris ou pou ede rezoud pwoblèm ki nan pati sa a nan egzamen an.




Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk rapòtè ou.

Fich Referans Matematik


FÒMIL



Sèk

$$\text{Sipèfisi} = \pi r^2$$


$$\text{Sikonferans} = 2\pi r$$



Kib

$$\text{Sipèfisi total} = 6s^2$$


$$\text{Volim} = s^3$$



Silenn Sikilè Dwa

$$\text{Sipèfisi total} = 2\pi rh + 2\pi r^2$$


$$\text{Volim} = \pi r^2 h$$



Prism Rektangilè Dwa

$$\text{Sipèfisi total} = 2wl + 2lh + 2wh$$


$$\text{Volim} = lwh$$



Prism Triyangilè Dwa

$$\text{Sipèfisi total} = wh + lw + lp + ls$$

$$\text{Volim} = \frac{1}{2} wh \times l$$



Teyorèm Pitagò

$$c^2 = a^2 + b^2$$

KONVÈSYON

1 santimèt = 10 milimèt

1 tas = 8 ons likid

1 mèt = 100 santimèt = 1.000 milimèt

1 pent = 2 tas

1 kilomèt = 1.000 mèt

1 ka = 2 pent

1 galon = 4 ka

1 gram = 1.000 miligram

1 lit = 1.000 mililit

1 kilogram = 1.000 gram

1 kilolit = 1.000 lit

1 liv = 16 ons

1 tòn = 2.000 liv

31

Pou kolekte lajan pou yon charite, Polly monte 1.776 mach eskalye nan CN Tower nan Toronto, Canada. Si li pran l 40 minit pou l fin monte mach eskalye yo, ki to mwayèn Polly an mach eskalye pa minit?

$$To = \frac{\text{Distans}}{\text{Lè}}$$


Montre travay ou.

Repons _____ mach eskalye pa minit

Kontinye

32

Èske figi anba a se yon triyang rektang? Sou liy anba yo, eksplike fason ou te jwenn repons lan.



[pa trase selon echèl la]

33

Pou ti dejene espesyal yo ofri nan episri Nick la, kliyan yo ka kreye pwòp sandwitch yo lè yo chwazi 1 kalite pen ak 1 kalite vyann pami seleksyon anba a.

CHWA SANDWITCH

Kalite Pen	Kalite Vyann
Blan	Poulè
Sèg	Wosbif

Nan espas anba a, liste tout konbinezon sandwitch ki posib yo avèk 1 kalite pen ak 1 kalite vyann.

Si Nick deside ajoute pen farin ble kòm yon lòt kalite chwa, konbyen konbinezon sandwitch kap posib?

Repons _____ konbinezon sandwitch

Kontinye

■ SECURE MATERIAL ■

Do not reproduce. Do not discuss contents until end of designated makeup schedule.

34

Sèvi ak rapòtè ou pou ede w rezoud pwoblèm sa a.

Sara ap pataje pòm ki soti sou pye pòm li a, avèk zanmi l yo. Li vle kreye yon graf sikilè pou montre kantite pòm li bay chak zanmi. Tablo anba a montre pouvantaj pòm chak zanmi resevwa ak mezi ang lan pou chak sektè nan graf sikilè a.


Zanmi	Pousantaj Pòm	Mezi Ang Lan (an degré)
Lori	5%	18°
Donovan	35%	126°
Melinda	20%	72°
Avery	40%	144°

Konplete graf sikilè anba a pou montre done nan tablo a.

Asire ou

- trase graf tout done yo
- mete etikèt sou chak sektè

PÒM SARA YO



Kontinye

35

Melissa ap mennen yon ankèt sou wotè kèk kangouwou wouj. Li anrejistre wotè yo nan tablo anba a.

Wotè Kangouwou Wouj Yo (pous)

40	57	72	78	62	67	73	66	71	60	56	52	48	51	44	79
----	----	----	----	----	----	----	----	----	----	----	----	----	----	----	----

Sèvi ak done ki nan tablo Melissa a pou konplete tablo frekans anba a e pou montre kantite kangouwou nan chak entèval wotè ki endike yo.

WOTÈ KANGOUWOU WOUJ YO

Wotè (pous)	Kantite Kangouwou
40–49	
50–59	
60–69	
70–79	

Dapre ankèt li a, Melissa deklare ke gen egzakteman $\frac{1}{4}$ nan kangouwou wouj yo ki ant 70 ak 79 pous an wotè. Sou liy anba yo, eksplike si deklarasyon n lan kòrèk.

36

Jerry fè plan pou konstwi yon platfòm ki mezire 189 pye kare. Ki faktorizasyon primè pou 189? Ekri repons ou sou fòm eksponansyèl.

Montre travay ou.

Repons _____

Jerry vle pou platfòm lan mezire pliske 6 pye an lajè. Sèvi ak rezulta w jwenn anlè yo, pou ekri de seri dimansyon posib pou platfòm Jerry a.

Repons 1. _____ pye pa _____ pye

2. _____ pye pa _____ pye

Kontinye

37

Vil la ap konstwi yon nouvo sante a bisiklèt ki mezire 1.815 mèt an longè ki pral pase atravè pak la. Gen de konpayi konstriksyon ki soumèt pwopozisyon ki endike anba a sou konbyen jou li pral pran yo pou yo fini ak travay la.

ARCUS CONSTRUCTION

Longè Santye a: 1.815 mèt
Kantite mèt yo pral konstwi pa jou: 48

Kantite jou pou fini travay la:

$$1.815 \div 48 = \underline{37,8}$$

JENNINGS CONSTRUCTION

Longè Santye a: 1.815 mèt
Kantite mèt yo pral konstwi pa jou: 96

Kantite jou pou fini travay la:

$$1.815 \div 96 = \underline{189,1}$$

Youn nan konpayi konstriksyon yo fè yon erè nan kalkil li. Sèvi ak **estimasyon** pou jwenn kantite jou li pral pran chak konpayi konstriksyon pou fini ak travay la.

Montre travay ou.

Estimasyon pou konpayi ki rele Arcus Construction _____ jou

Estimasyon pou konpayi ki rele Jennings Construction _____ jou

Baze sou estimasyon w yo, eksplike erè nan kalkil youn nan konpayi yo fè. Asire ou bay non konpayi an.

Kontinye

38

Dyagram anba a montre yon kousen Chris vle kouvri ak twal.



[pa trase selon echèl la]

Ki sipèfisi **total** kousen an? Awondi repons ou pou rive nan santièm ki pi pre a.

Montre travay ou.

Repons _____ pouss kare

Si Chris diminye longè kousen an depi nan 15 pouss rive nan 12 pouss, ki kantite twal anmwens lap bezwen? Awondi repons ou pou rive nan santièm ki pi pre a.

Montre travay ou.

Repons _____ pouss kare

RETE LA

Place Student Label Here



**Ane 7
Egzamen Matematik
Liv 2
5–7 me 2010**

**Grade 7
Mathematics Test
Book 2
May 5–7, 2010**